Фыкьеблагъэ, хьэщIэ лъапIэхэ!

Мэлыжьыхьым и 14-м Налшык къыщызэIуах Шахматымкlэ цIыхухъухэм я зэхьэзэхуэшхуэр

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СОВЕТСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛъАНДЭРЭ КъЫДОКI

№70 (21.478) ● 2009 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 14, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ хъыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Шахматымкlэ цIыхухъухэм я Гран-при зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырыныр ар егъэкIуэкIынымкI комитет кьызэгъэпэщыным и Iуэхуклэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2009 гъэм мазэжьыхьым и 9-м №40-РП

Шахматымкlэ дунейпсо федерацэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Шахматымкlэ и федерацэмрэ зэрызэгурыIуам ипкъ иткlэ:

1. Шахматымкlэ цIыхухъухэм я Гран-при зэхьэзэхуэр 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 14 - 30-хэм Налшык къалэ щегъэкIуэкIынымкI теухуауэ Шахматымкlэ дунейпсо федерацэм къыхилъхьар къэштэн.

2. Шахматымкlэ цIыхухъухэм я Гран-при зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымкlэ комитетым хэтхэр къэштэн мы унафэм и гуэдэным эритым хуэдэу.

3. Мы унафэм къыдэу егъэуг Iэ щыцIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КъАНОКIУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 9-м кыдигъэкIа Унафэ №40-РП-мкlэ къыщытащ

Шахматымкlэ цIыхухъухэм я Гран-при зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымкlэ комиссэм хэтхэр

Дышэкl М. Р. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэр, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Шахматымкlэ и федерацэм и Президентыр *(кьыдегъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIр)*

АфIунэ А. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкlэ и министрыр *(кьыдегъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэр)*

Агеенко И. Н. - «Урысей Федерацэм Шынагъуэншагъэмкlэ и федеральнэ къулыкъым и гъунапкъэхъуэ управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ» федеральнэ къэрал Iуэхущlапlэм и унафэщlыр *(эгъуэгурыIуауэ)*

Бабаев Хьу. Хь - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкlэ и комитетым и унафэщlыр *(эгъуэгурыIуауэ)*

Балтабаев Б. Т. - Шахматымкlэ дунейпсо федерацэм и президентым и дзIэпыкъэгъуэр *(эгъуэгурыIуауэ)*

Бицу В. Г. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм узынщагъэр хьэмэнымкlэ и министрыр

Къалэ З. I. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Iуэхуэр зезыгъакIуэр

Мукуков А. П. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм экономикэ зыуэкынымгъэмрэ сатумкlэ и министрыр

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хьыбарегъащlэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядолажьэныкъо щIалэгъуэалъэ я Iуэхуэмкlэ и министрыр

Сердюк В. А. - Урысей Федерацэм Шынагъуэншагъэмкlэ и федеральнэ къулыкъым и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщlыр *(эгъуэгурыIуауэ)*

Сыжажэ А. Н. - «Къэббалькъ-Интурист» акционер обществ-ву зэIухам и генеральнэ директорыр *(эгъуэгурыIуауэ)*

Суиц А. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм транспортымкlэ, связымрэ гъэгъу хозяйствэмкlэ и министрыр

Томчак Ю. И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм къэрал кIэщI Iуэхуэмкlэ и министрыр *(эгъуэгурыIуауэ)*

Фыыр Р. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкlэ и министрыр

Хьэтэс З. А. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащlэр *(эгъуэгурыIуауэ)*



Аронян Левон | Бакро Этьен | Гельфанд Борис | Грищук Александр | Иванчук Василий | Камский Гатэ | Леко Петер

Аронян Левон *(Армение)*. 1982 гъэм Ереван къыщыдэхуащ. И ныбжьыр илъэс пщыкIутIым иту ныбжьыщIэхэм я дунейпсо чемпион хъуащ, иужькIэ илъэс тIощI иримыкъуахэм я дежи щытекIуащ. 2005 гъэм и щIышылэм Гибралтарым и зэхьэзэхуэ зэIухам пашэныгъэр къыщихьащ. А гъэ дыдэм и екъуIэныгъэ нэхь ин дыдэр иIащ - Дунейпсо кубокыр Ханты-Мансийск щызэIэригъэхьащ.

Corus Chess зэпеуэ щIэрыIуэм 2007, 2008 гъэхэм хэтащ. Шахмат псынщIэмкlэ Крамник Владимир, Карпсен Магнус, Широв Алексей сымэ Элиста кьалэм щыхигъащIэри, Мексикэм щекIуэкIа дунейпсо зэпеуэм кIуэну хуитыныгъэ кьихьащ.

Бакро Этьен *(Франджы)*. 1983 гъэм Лилл кьалэм кьыщыдэхуащ. ИлъэсиплI зэрыкъуурэ шахмат мэджэгу. Илъэсиз 10, 12 зи ныбжьыкъэ я дежи дунейпсо чемпион щыхъуащ. 1997 гъэм и гъатхэпэм шахмат тхыдэм зэи кьыщымыдэхьауэ и ныбжьыр илъэс 14-рэ мази 2-м гроссмейстер цIэр кьыфIащащ (иужькIэ нэгъуэщIхэм ар ирагъэфIэкIуащ).

1997 гъэм Enghienles-Bains зэпеуэм щытекIуащ. ИлъэситI дэкIри, и ныбжьыр илъэс 16-м иту, Франджым и чемпион нэхъ щIалэ дыдэ хъуащ. 2006 гъэм Турин щыIэзэта Шахмат олимпиадэм жэз медалыр кьыщихьащ.

Гельфанд Борис *(Израиль)*. 1966 гъэм Минск къыщыдэхуащ. Илъэс 17-м иту СССР-м ныбжьэщIэхэм я зэпеуэм щытекIуащ, илъэситI дэкIри, Европэм и чемпион хъуащ. 1989 гъэм гроссмейстер цIэр кьыфIащащ.

Ар щытекIуащ зэпеуэ куэд дыдэм. Абыхэм ящыщу Вейкан-Зее (1992, 1994), Бьел (1993), Белград (1995), Тилбург (1996), Мальме (1999) щыIащ. Ар щытекIуащ зэпеуэ ин дыдэ щыIэм, Финикс, Элвест, Ткачев сымэ хигъащIэри, финал ныкъуэм нэсащ. Абы Шировыр кьыщытекIуащ.

2002 гъэм Вейк-ан-Зее щыIа зэпеуэм фIы дыдэу зыкъыщигъэльэгъуащ икIи и ныбжьыр илъэс тIощI дэкIа мыхъуауэ абы етIуанэ увыпIэр кьыщихьащ. Шахмат псынщIэмкlэ дунейпсо чемпионым и ныбжьыр илъэс 14-у гроссмейстер хъуащ. А зэманым ар куэдым кьайхъулIэрэ, 2002 гъэм Дортмунд щекIуэкIа турнирым щытекIуащ икIи Крамник дэжьагъу Iэмал игъуэтащ. Ильэс дэкIри, Линарес щыIа зэпеуэм пашэныгъэр Крамник дигъэщащ.

2005 гъэм Леко шахмат дунейпсо чемпионатыр кьихьэжащ, Анандрэ (етIуанэ увыпIэ), Топаловымрэ (ещанэ увыпIэ) ефIэкIри. Мексикэм щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым еплIанэ щыхъуащ.

Карякин Сергей *(Украинэ)*. 1990 гъэм кьалъхуащ. Цэрыйуэ хъуащ 2002 гъэм Пономарев Руслан и официальнэ чэнджэщэгъуэ ягъэува ныжькIэ. И ныбжьыр илъэс 12-гъэ гроссмейстер цIэр кьыфIащащ, Рекордхэр зэратхэ Гиннесс и тхылым ихуащ, абы нэхъ щIалэу ар зыIэрызыгъэхьа дунейм теттэкъыми.

Италием щекIуэкIа Шахмат олимпиадэм Украинэм кьыщихьэхуа очко 11-м щыщу 8,5-р зейр Карякинырщ, 2007 гъэм и щыщхьэIум Амстердам щыIа чемпионатым щытекIуащ.

Мамедьяров Шахрияр *(Азербайджан)*. 1985 гъэм кьалъхуащ. НыбжьыщIэхэм ирагъэкIуащ дунейпсо зэпеуэм тIэунейрэ щытекIуащ икIи абы и фIыгъэкlэ «Эссент» чемпионатым 2006, 2007 гъэхэм ирагъэблагъащ. И пэкlэ «Азрофлот Олэн» дунейпсо турнирым пашэныгъэр къыщихьащ.

2006 гъэм и гъатхэпэм Рейкьявик щекIуэкIа зэхьэзэхуэхуэхэм пашыныгъэр къыщихьащ.

Индиеи 2002 гъэм щыIэзэта зэпеуэ иным етIуанэ щыхъуащ, а къэралым и шахматист щIэрыIуэ Ананд Вишванатан япэ иригъэщри. Зыми хуимыгъэфэщауэ ар 2004 гъэм ФИДЕ-м и дунейпсо ныкоут чемпионатым щытекIуащ.

Ельянов Павел *(Украинэ)*. 1981 гъэм кьалъхуащ. Украинэм и шахматист нэхъыфIхэм ящыщ зыщ, ФИДЕ-м щыIэныхьфI тIощым яхохьэ. Къэралым и командэ кьыхэхам хэту дунейпсо зэпеуэхэм щоджэгу.

Вейк-ан-Зее турнирым пашэныгъэр къыщихьащ. Форос, Монреаль щекIуэкIа дунейпсо зэпеуэхэм хьарзынэу зыкъыщигъэльэгъуащ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Заурбэ.

ФИДЕ-м и Гран-при зэпеуэм и еплIанэ Iыхьэм хэтыну гроссмейстерхэр

Алексеев Евгений *(Урысей Федерацэ)*. 1985 гъэм кьалъхуащ. 2000 гъэм ныбжьыщIэхэм я Шахмат олимпиадэм псоми щефIэкIащ. Кьыкlэлыкlуэ илъэсым Санкт-Петербург щекIуэкIа зэпеуэм етIуанэ щыхъуащ, Тель-Авив щытекIуащ.

2002 гъэм гроссмейстер цIэр кьыфIащащ. Илъэсипл дэкIри, къэралым и чемпион хъуащ. А гъэ дыдэм и кIэуэм Мэзкъу щызэхэта супертурнирым етIуанэ увыпIэр кьыщихьащ. 2007 гъэм «Аэрофлот Олэн» зэпеуэм псоми щефIэкIащ.

Акопян Владимир *(Армение)*. 1972 гъэм кьалъхуащ. Илъэситху ныбжьым иту шахмат джэгун зригъэсащ. НыбжьыщIэхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэм зэрыщытекIуар зыпэрыгъуа Каспаровым жиIат абы ехьулIэныгъэшхуэхэр зэриIэнр.

1989 гъэм илъэс пщыкIуиф иримыкъуахэм я дунейпсо зэпеуэм пашэныгъэр къыщихьащ, илъэситI дэкIри, гроссмейстер цIэр кьыфIащащ, Никшичев дунейпсо турнирым зэрыщытекIуам кьыпэкIуэу.

Армением и командэ кьыхэхам хэту 2006 гъэм Турин щекIуэкIа Шахмат олимпиадэм и щIэ медалхэр кьыщихьащ. ИлъэситI дэкIри, Дрезден щыIэзэта зэхьэзэхуэм псоми щефIэкIащ.

Касымджанов Рустам *(Узбекистан)* 1980 гъэм кьалъхуащ. Азием и ныбжьыщIэхэм я деж чемпион илъэс 14-м хъуащ. 1997 гъэм щегъэжьауэ гроссмейстерщ. Кьыкlэлыкlуэ илъэсым Азием и чемпионщ. НыбжьыщIэхэм я дунейпсо зэпеуэм етIуанэ щыхъуащ. Эссен (2001), Памплон (2002) кьалэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм пашыныгъэр къыщихьащ.

Индием 2002 гъэм щыIэзэта зэпеуэ иным етIуанэ щыхъуащ, а къэралым и шахматист щIэрыIуэ Ананд Вишванатан япэ иригъэщри. Зыми хуимыгъэфэщауэ ар 2004 гъэм ФИДЕ-м и дунейпсо ныкоут чемпионатым щытекIуащ.

Свидлер Петр *(Урысей Федерацэ)*. 1976 гъэм Санкт-Петербург къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэсиз 12-гъэ гроссмейстер цIэр кьыфIащащ. Шахмат джэгун зригъэщащ, 1994 гъэм гроссмейстер цIэр кьыфIащащ икIи а гъэ дыдэм Урысей Федерацэм и чемпион хъуащ. ФИДЕ-м щыIэныкIэ и дунейпсо зэпеуэм 2005 гъэм Ананд етIуанэ увыпIэр щыригъэщащ.

2004 гъэм екIуэкIа Шахмат олимпиадэм Урысей Федерацэм очко нэхъыбэ дыдэ кьыхуэзыхьар Свидлерщ. ИлъэситI дэкIри, Дортмунд щекIуэкIа турнирым щытекIуащ. Шахмат псынщIэмкlэ 2006 гъэм дунейпсо зэпеуэм етIуанэ щыхъуащ, Грищук япэ иригъэщри.



Карякин Сергей | Мамедьяров Шахрияр | Свидлер Петр | Алексеев Евгений | Акопян Владимир | Касымджанов Рустам | Ельянов Павел

Гаприндашвили Нонэрэ Спасский Борисрэ Налшык къэсащ

ШАХМАТЫМКIЭ цIыхухъухэм я Гран-при зэхьэзэхуэу ФИДЕ-м иригъэкIуэкIым и еплIанэ Iыхьэр къызэрызыIахьым теухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэкэр нобэ Налшык къалэм и Музыкэ театрым щекIуэкIынущ сыхьэтыр 18-м щыщIэдзауэ. ХьэщIэхэмрэ турнирым хэтхэмрэ театрым и фойем щеплIыефынущ сурэтыщI цIэрыIуэ, КъБР-м и Художникхэм я союзым хэт Абей Асият мы махуэм хуигъэпсэ и лэжьыгъэхэм.

Апхуэдэу артистхэм программэ хьэлэмэт игъэльэгъуэнущ. Концертым хэтынущ республикэм и сабийхэм ягъэхьэзыра «Шахматыр фIыуэ сльагъу джэгукIэщ» уэрэд- кьафэ композицэр. Сценэм кьыхьэнущ УФ-м щIыхь зиIэ и артист Хьэпсыдржэн Альберт, КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Тэшло Алийрэ Батыр Мухьэдинрэ, КъБР-м и цIыхуб артист Нэхущ Чэрим, «Кабардинка», «Балкарие», «Тэрч къэзакъэр» кьафакIуэ гуп щIэрыIуэхэр.

Фигу къэдгъэкIыжкIэ Гран-при зэхьэзэхуэм дуней псом щыIэныхьэфIхэм ящыщу гроссмейстер 14 зэрыхэтыныр, абы щытекIуэм и зэфIэкIыр шахматымкlэ дунейпсо чемпионым хуэзэнхэр къыщыдахьыну турнирым щигъэльэгъуэну Iэмал зэригъэтынур. Мы зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыбуджэхэм псори зэхэту ерэ мин 212-рэ иратынущ. Гран-при турнирым и еплIанэ Iыхьэм Урысей Федерацэм щыIу хэтщ 2007 гъэм къэралым и чемпиону щыта Алексеев Евгений, Линарес щекIуэкIа зэпеуэшхуэм щытекIуа Грищук Александр, Урысейм тхуэнэфIэ и чемпион Свидлер Петр сымэ.

Зэхьэзэхуэм и къызэрэпэщакIуэ хэмытыным урысыбзэкIэ инджылызыбзэкIэ къыдигъэкIа хьыбарегъащIэ бюллетеным кьытехуащ Къэбэрдей-Балькъэрым щыIэуаз зэхуэзыщI тхыгъэ кIэщI, апхуэдэу УФ-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ, Урысейм Шахматымкlэ и федерацэм и президент Жуков Александр, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, Къэрэшаемкъ Республикэм и Президент, ФИДЕ-м и президент Илюмжинов Кирсан, УФ-м спортымкlэ, туризмэмкlэ, щIалэгъуэ политикэмкlэ и министр Мутко Владимир сымэ хьэщIэхэмрэ зэхьэзэхуэм хэтхэмрэ зэрызыхуагъаз зэхуэхьэзэр. Абыхэм къыдэкIуэу бюллетеным итщ турнирым и таблицэр, зэIущIэхэр щекIуэкIыну зэманыр, шахматистхэм я къекIуэкIыкIамрэ абыхэм я рейтингхэмрэ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и къалащхьэм дыгъуасэ къэсащ зэхьэзэхуэм и арбитр нэхъыщхьэ Намируев Вячеслав, зэхьэзэхуэм и техническэ чэнджэщэгъуэ щытыну шахматистхэр гъуэзэджэ Гаприндашвили Нонэ, дунейпсо чемпиону щыта Спасский Борис сымэ. Апхуэдэу Налшык щыIэщ зэхьэзэхуэм хэтыныхэм я нэхъыбэри.

КОНАКОВХьэсэн.

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Республикэ бюджетым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну?

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм Iуэхугъуэ 20-м нэблагъэм щытепсэлъыхьащ. Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Чеченов Ануар.

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхуклэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым депутатхэр щыгъуазэ ищIащ Бюджетымкlэ, налогхэмрэ финансхэмкlэ комитетым и унафэщI **Ахъуэхъу Къанцобий**.

- Къэбэрдей-Балькъэрым и экономикэм зэпIэзэрыту зыщыжьым ягъэбелджыла икIи къащта бюджетым зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэр халъхьэ, ауэ зэрыщыту къапщтэмэ, бюджетыр сыт и лъэныкъуэкIи зэхуохъуж, - жиIащ Ахъуэхъу Къанцобий.

Абы къыхигъэщхьэхуакIащ бюджетым и хэхъуэхэри хэщIэри зэхуэдизу, дэтхэнэри сом мелуан 19916,3-рэ хъуауэ, зэрыщытынур. Иджы бюджетым и хэхъуэ Iыхьэм сом мелуан 1006,9-рэ къыщIигъуну къабжащ.

Мы законопроектым комитетхэр щыхэплъэн хуей пIалъэхэр яубзыхуащ. Абы иужькIэ документыр КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм къыщыхалъхьэнущ.

Президиумым и зэIущIэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ «2008 гъэм фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховани и Къэбэрдей-Балькъэр щыIналъэ фондым и бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и Iуэхуклэ» КъБР-м и законым и проектым.

Пэжыгъэзмкlэ, социальэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэнымкlэ комитетым и унафэщI **Жаматаев Сэлим** къыхилъхьэри, зэIущIэм щыхэплъащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм балигъ мыхъуахэр щхьэрыуГпыщу щыщымытынымрэ абыхэм хабзэр ящIэнамыдыныкlэ пэжыгъэхэм и Iуэхуклэ» КъБР-ми Законымрэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэмкlэ абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкlэ и комиссэхэмрэ щIипIэ самоуправлензм и органхэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэмкlэ абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкlэ комиссэхэр къызэрэпэщыным, Iуэпэжьаным хуэзгъэзэ къэрал пщэрыпIэ щыхэхуэхэр етынымрэ ятеухуауэ» КъБР-м и Законымрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и чэзуэкIэ» республикэ законым и проектым.

Парламентым и лэжьыгъэр зэкIэлъыгъэхэкIуэнымкlэ, регламентымрэ депутат щэнхабзэмкlэ комитетым и унафэщI **Щыхъэ-ны Зэирэт** зэIущIэм зэрыщыкIамэ, КъБР-м и Парламентым и Регламентым и 15 статьям зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну я мурадщ.

Законодательствэмрэ къэрал ухуэкIэмкlэ комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур** къыщыпсалъэм зэрыжиIамкlэ, КъБР-м и проекторым Парламентым хуигъэхьащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал наградэхэм я Iуэхуклэ» 1999 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м кьащта КъБР-м и Закон №29-РЗ-мрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Административнэ къуанщагъэхэмкlэ и кодексымрэ я Iуэхугъуэ щхьэхуэхэмкlэ зэрымыарэзым теухуа тхыгъэ.

А документхэр гъатхэ сессием Парламентыр зэлэжьыну Iуэху зэхьэзэхуэм и планым хагъэхьащ икIи депутатхэр елэжьын папщIэ ягугъэщащ.

Урысей Федерацэм и адрей щIыналъэхэм законхэр къыдэзыгъэкI я органхэм зэрадзэлажьэм хиубыдэу Президиумым хэтхэр тепсэлъыхьащ уэчыл лэжьыгъэм, къэрал, муниципальнэ мыпхуэр приватизацэ щIыным, нэгъэщIхэми ятеухуауэ законхэр къыдигъэкIыжкIэ жэрдэмхэм. Я нэхъыбапIэкIэ я Iуэхуэр депутатхэм дАйыгъащ.

КъыIэрыбыса тхыгъэхэм щыгъуазэ защIри, Президиумым хэтхэм унафэ ящащ КIуэкIэ Мухьэмэд Владимир и къуэм - Урысейм Тезырхэр егъэпшыныжьмкlэ и федеральнэ къулыкъым и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэм, Саурский Николай Петр и къуэм - «Ипшэ телекоммуникацэ компание» ОАО-м электросвязьмкlэ и Аруан районыр узелым и къудамэм и унафэщIым, апхуэдэу «Ленин орден зезыхьэ « Прохладнэ» ремонт-механикэ заводэ» ОАО-м и лэжьакIуэхэу Ахмедов Бахман Тахмаз-оглы - мыхъуэ техникэ къызэрэпэщыныгъэмкlэ къудамэм и унафэщIым, Васькоткин Владимир Илья и къуэм - энерго-механикэ Iэнатlэм и механикым, Гъут Мухьэмэд Абрахьим и къуэм - инженер нэхъыщхьэм, Канадчиков Анатолий Иван и къуэм - заготовительнэ-ремонт комплексым и мастерым, Колоджиев Людмилэ Иван и пхъум - экономикэмкlэ бюром и экономистым КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

Правительствэм хухаха зэманым хиубыдэу Парламентым и зэIущIэм щыхэплъащ 2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм зэрызыщыхуагъэхьэзырамрэ ар ахэр зэригъэкIуэкIымрэ.

БАТЫРЛюбэ.

ЖКХ-р зыпэщIэт и гугъуехьхэр гъэзэкIуэжьыным 2009 гъэм Урысей Федерацэм и Правительствэм хуэхъар нэгъабрэйм ельытауэ тIыкI нэхъыбэщ. Апхуэдэу щIыналъэхэм я ЖКХ-хэм хуаутIыпщ ахъшэр сом меларди 100-м щIегъу.

(ИТАР-ТАСС).

ЭнцэкIэ яхоуэ

Таиландым и полицэ зыкъуэIуэта цIыхубэм Гинкиэ яхащIащ.

Армэмрэ полицейскэмрэ хуежьат цIыхухэр кьалэкъэм ирахуну. Арщхьэкlэ, абыхэм ящыщ гуэрэхэр кIэрахъуэкIэ кьащIыхьэуэм, автоматкlэ цIыхухэм щы трагъэлъэпащ. Полицэм Iыгъыгъэ зэрар щыхьэнэ зиIэу Бангкок дэт Iуэхущlапlэ псори, аэропортхэри абы хэту.

Бангкок и уэрамхэм щекIуэкIа зэхуэуэ сэлэтипII щаущ. Демонстрантхэм щыщу тIэгъэ хъуаи щIыху 80-м щIигъу. Ди къэралым и МИД-м зыгъэпсэхуакIуэ е нэгъуэщI Iуэхуклэ хамэщI кIуэхэм чэнджэщ ярет Тайландымкlэ ямыунэтIыну.

УнэщIэхэм ягъэIэпхъуэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Президиумым Премьер-министр Путин Владимир дыгъуасэ зэрыщыжиIамкlэ, мыгувэу цIыху мин 120-м щIыхьэм фэгъэщIэхэр иратынущ, нобэкlэ щыщэу тIо цыхьэ щыщIэгъэпэщыгъэхэр ящIынущ.

А бжыгъэм хиубыдэн хуейщ Налшык щыпсэу цыхьэ хьэдэ зыбжани.

Зи гугъу тщIы зэIущIэм кьерал унафэщIхэр щытепсэлъыхьащ ЖКХ-м щекIуэкIыным куей зэхъуэкIыныгъэхэм.

●Бахъсэн куей

Зеикъуэр ягъэдахэ

ЩIыпIэхэр зэщIэгъэкъэбзэныжьхэр республикэм щекIуэкI мазитI лэжьыгъэм хиубыдэу зенкъуэдэхэм Iуэхуфl куэд яхуэзэфIэкIащ. Уэрамхэр щекIа щымыIэу зэщIакъуащ, Iэгъуэгубгъэм Iут жьыгъэм сэхутракIащ, зыхуей хуагъэзащ кьуажэм дзт административнэ нэхэм я екIуэлIапIэхэр. ЩхьэщыфIэгIакIэ яща пхъэнкIий идзыпIих ягъэкъэбзэжащ, щы трахъуэжащ. Пхъэнкlийр кьуажэм дзэзышну зи къалэн лэжьакIуэ гуп яIэ хъуащ, текникэрэ зэрыIэбэну Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщащ. Мазитl лэжьыгъэр тэмэму егъэкIуэкIыным я зэфIэкI халъхьэ кьуажэм дэс бэджэндыдыплажьэхэмэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КIуэдахэр къалъыхъуэ

КъЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС.

Республикэм и МВД-м и пресс-Iуэхущlапlэм и унафэщI Къардэн ФатIимэ зэрыжиIамкlэ, щIыналъэм и хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм иджыблагъэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм ипкъ иткIэ къалъыхъуэу щытахэм щыщу цIыху 50-м нэблагъэ къагъуэтащ.

ИнвестицIэ хэкIыпIэхэр

АБХЬАЗ. *ЩIыналъэм зыгъэпсэухукIуэ къакIуэ туристхэм я бжыгъэм кIэрыхуну хуегъафащэ Абхъаз Республикэм и Президент Бэрэтэщ Сергей.*

- ДЭ КЪЫДГУРОIУЭ, дуней псом иджыпсту щыщыIэ экономикэ щытыкIэ гугъуэм щхьэкIэ инвестицэшхуэ республикэм къызэрытхуемышэIэнур, ауэ Москва дыщогугъ къхъхьатэ теIэтыкIыпIэм, кхъухьтедзапIэм, гъущI гъуэгум екъэIауэ щыIэ проектхэр лажьэу иригъэжьну, - жиIащ абы. - Апхуэдэуи согугъэ гъэмахэм ирихьэлIэу Сыхьым кхъухьлъатэ теIэтыкIыпIэм и терминалхэмрэ хьэщIэщ комплексымрэ зезыгъэкIуэну корпорацэр яубзыхуну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

●Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Правительствэм и Унафэщl Къардэн ФатIимэ зэрыжиIамкlэ, щIыналъэм и хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм иджыблагъэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм ипкъ иткIэ къалъыхъуэу щытахэм щыщу цIыху 50-м нэблагъэ къагъуэтащ.

Бзэр шэм нэхърэ нэхъ жэрщ.

• Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Хэхъуэр зыгъэбагъуэрщ зэлэжьынур

КъБР-м и Правительствэм и Унэм Республикэм и Президент Къэкнокъуэ Арсен щIыуIащIащ къэлэ, район администрацIхэм я IэтащIэхэм Абы щIихьэлIат Правительствэм хэтхэр, ведомствэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIхэр.

- РЕСПУБЛИКЭМ къулеигъэ нэхъыщхьэу бгъэдэлъыр щIыр зэрыларар тщIыгъупщэ хъунуу- кIым икIи мэкъумэш Iэнатlэм пэрытхэм ар фейдэ пылъу къагъэсэбэпын хуейщ. Абы папщIи дэ къэдгурыпщIэжу хъунукъым район къэс мэкъумэш щIапIэу иIэр зыхуэздащIыр. Абы кыдэкIуэу, зэхэдгъэкIыпI- хьэщ сыт хуэдэ куейр дапхуэдэ къэкIыгъэм елэжьынуми. Дэ зэрэтхуэдэкIкIэ дыпылъынкъым куейщ щIым фейдэ хэпхыжьынкъым. Ар зэрэтхуэдэкIкIэ дыпылъынкъым, - жиIащ Президент Къэкнокъуэ Арсен, зэIущIэр къыщыдэкIуихьыж.

Дауи, республикэм и мэкъумэш, щIы Iэхъуэм гугъуехьэхэр щыкъуэдщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм щIыр ятебгъэшэным мыхьэнэ иIэжьым, ар зэрымащIэм къыхэкIыж. Къанэр, щIыр къэрал мылъкуу щыщIэткIэ, абы лэжьыгъэ Iэнатlэу нэхъыбэ къыщыдзэгъэпэщащ, фейдэ къыпылкIми хэгъэхъуэн куейр аращ.

Абы хуэунэтIа Iуэхугъэшхэр зыбжанэ республикэм щалэжьащ иужьрей илъэсхэм икIи нэрылъагъэущ ахэм нэхъри зегъэпытын зэрыхуейр. Псалъэм папщIэ, Прохладнэ районым щауха фермэмрэ Бахъсэн районым щаутыпщащ дждкъыз гъэхъупIэмрэ хуабэщхэмрэ дуней псом щапхъэу къыщащIыпхъэхэм хуэдэщ. Абы къыжIа- ращи, щIыуэ яубыдыр мащIэщ.

фейдэуэ къапыкIыр инщ. Хуабэщ къыдейм щIыхь 400-м нэс щылпэжьэнущ, зы гектар къэс илъэсым сом мелуанитI фейдэуэ къыпыкIыу. АтIэ, Iэмалэ къыззыгугъэкIхэмкIэ зэлэжь щIым и зы гектарым сом мин 30 хуэдиз фейдэуэ кIыту аращ.

- Белгородскэ щIыналъэм нэхъыбэ нэхъыкIфIу щIыр зыщагъэсэбэп Урысейм щIыпсыкIыми, абы зы гектарым хуэзу сом мин 100 фейдэуэ кIыщыщIах. Ди республикэм и Iуэхуэр а щIыналъэм ейм едгъапщэмэ, наIуэ мэхъу сыт хуэдизкIэ фIыуэ щIыр къэдгъэсэбэпми, - жиIащ Президентым. - Бахъсэн гектар щитIым жыг щыIэхэтащ, щIым зэрелэжь, псы зэрыщIагъэпылъэр IэмалыщIэхэр къэдгъэсэбэпу. Абы и зы гектар къэс сом мелуанитI хуэдиз хэхъуэу илъэсым кIыфIтынущ. Аращ мурад щIэтщIар иджыри гектар мини 5-м жыг щыкъэгъэну. Дауи, абы ахъшащIэ хуэхэпхьэн хуейщ, ауэ а Iуэхуэр эхкIыпIэнщэкъым.

Мис апхуэдэ лэжьыгъэхэм район къэс зыщедгъэуубгъун папщIэ, куейхэм щIыуэ ябгъэдэлъэр зыхуэдизыр, абы я фIагъри, нэгъуэщI щыгъуитIкIэ куэди зыхуэдэр къэпщытэжауэ, Iуэхуэр зэрэкIуэкIыну рубзыхэм хуейщ. Арат зэIуIущэ къыщыдзэрагъэпэщащи. А Iуэхуэхэр зыхуэдэр къыгъэлъэгъуну мурадкIэ, абы къыщыпсэлъащ къэрал мылъкур зехьэныкъэ щIы IуэхуэхмкIэ министр Сэхъу Мухьэмэд.

Министрым къызэрибжьмкIэ, псори зэхэту республикэм бгъэдэлъэ щIыр гектар зы мелуанрэ мин 240-рэ мэхъу. Абы щIыщIу мэкъумэш щIапIэм и бжыгъэу Сэхъум тIу къыгъэлъэгъуащ: зымкIэ - зэ гектар мин 695,4-рэ мэхъу, етIуанэмкIэ - щIыщIапIэм и 1-м ирихьэлIэу къыззрабжамкIэ - гектар мин 711-рэ ирокъу. А бжыгиплIым щIыщ пэжыр Iуэху зыIэщIэлъ министрым щыхъужьымыIакIэ, дэрэ ар къыгъэгъэлъэгъэнхъыми, ауэ абы яIащIыжьми хеубыдэ вапIэу гектар мин 289,3-рэ, илъэс кэдмкIэ къагъэкI къэкIыгъэ зытрасэу гектар мини 7,5-рэ, мэкъуплIэу - мин 58,7-рэ, хьуплIэу мин 271,6-рэ. Адрей гектар мин 68,6-р (етIуанэ бжыгъэмкIэ - гектар мин 83,9-р) «Iыхьэхэмыхьэщ».

Сэхъу Мухьэмэд кэдкIэ щыуащ, щIым и бдржэнд уасэу районхэм къыщыкIэжкIыр къыщигъэлъагъуэми. Псалъэм папщIэ, Шэджэм куейм бэджэндыпIщIэу зы гектарым сом щитI щыкуэзэу щыжиIэм, Президент Къэнокъуэ Арсен упщIэкIэ зыхуигъэзэн хуей хъуащ абы и администрацIм и Iэтащхьэ Мамбэт Михаил.

Шэджэм район администрацIм и Iэтащхьэм зи гугъу иIащ нэгъуэщI бжыгъэщ - зы гектарым и бдржэндыпIщIэр сом 1200-рэ мэхъу.

Адэкlэ Сэхъу Мухьэмэд тепсэлъыхьащ нэгъабэ мэкъумэш Iэнатlэм къыщалэжьар зыхуэдизым, гуздзу, сэхурану, кIэрtIофу, хадэхэкIыу, нэгъуэщI къэкIыгъэу къагъэкIар 2007 гъэм щхьэхэлIэжам иригъэпщащ.

- Зэрыплъагъущи, хьэщэпэщэр Прохладнэ, Тэрч районэхэм, кIэртIофыр - Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Прохладнэ куейхэм, хадэхэкIыр - Лэскэн, Аруан, Прохладнэ районхэм нэхъыбэу къыщагъэкI, - жиIащ абы.

Сэхъум къыгъэлъэгъуащ щIым и щIытыкIэр псынщIэу щекIакIуэ куейхэри. Къапщтэмэ, мэкъумэш щIапIэм щыщу и нэхъ мащIэр Iэрагъэ гектар мин 43-м узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр яIкъэрытщ.

Iуэхум теухауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыкIэщ. Псалъэм министр Ерчэн Тембулэт. Абы къыхигъэщащ къалэхэмрэ районхэмрэ зэлэжь къэкIыгъэхэр зэрыгугъэшар. Аращ япэм гъавэ бэв кърахьэлIэжьымкIэ сэбэп хъуэу щытар. Ерчэн Тембулэт зэпкърыхауэ къыгъэлъэгъащ районхэм я мэкъумэш Iэнатlэм и щытыкIэр зыхуэдэр.

- Дэ Iэмал имыIэу гуэдз зыгъэкIуэн хуей результатыу дыщыткъым. ГурыIуэгъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зрикъуну гуэдзым хуэдиз зэрыхэтсэнэр, ауэ адрей щIыр егупсысауэ къэгъэсэбэпынкъэщ. Псалъэм папщIэ, гектар минитхум сом мелардипщI къызэрыпылкIыну Iэмал щыщыIэкIэ, ар къыщIэдмыгъэсэбэпын щхьэусыгъуэ слъагъурыкъым. Апхуэдизу къэгъэкIам дыщелэжьынри, ар щытхъэмэнри, щытщэнри дяпэкIэ къызэгъэпэщын хуейщ, - жиIащ Президент Къэнокъуэ Арсен.

ЗэIущIэм и кIэухым республикэм и унафэщIым къыхигъэщащ иджыдрей Iэмалхэр, техникэр къыумыгъэсэбэпу щIым уелэжь зэрымыхъунур, хэрыуэтэщIэхэр тегъэгугъхэрэ зэрыхуейр мэкъумэш Iэнатlэм я мылъку халъхьэну.

ГЪУЩIО Зариф.

Лэжьапlэхэр зэрыщэпэубыдар къэгъэтIэсхъэным хуэунэтIауэ аргуэру зэфIагъэкIынухэм я программэм хиубыдэ Iуэхуэхэр гъэзэщIэным 2009 гъэм щыхухах бюджет мылькур кьыззрагъэсэбэн Хабзэм теухауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м *№77-IIII*

«Урысей Федерацэм и субъектхэм лэжьапIэхэр зэрыщыщэпэубыдар къэгъэтIэсхъэным хуэунэтIауэ аргуэру зэфIагъэкIыпхъэхэм трагъэкIуэну папщIэ, федерацэ бюджетым кьыхэкI субсидиехэр Урысей Федерацэм и субъектхэм яхуэхъэнымкIэ Iуэхуэхэр гъэзэщIэным 2009 гъэм щыкъуэзэм и 31-м Урысей Федерацэм и Правительствэм кьыдигъэкIа Унафэ №1089-м (адрэкIэ-Унафэщ) щIкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ецIы:**

1. ЛлжьапIэхэр зэрыщэпэубыдар къэгъэтIэсхъэным хуэунэтIауэ аргуэру зэфIагъэкIынухэм я программэм хиубыдэ Iуэхуэхэр гъэзэщIэным 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхуэхъэ бюджет мылькур кьыззрагъэсэбэн Хабзэм ещанэ щIыгъуэ.

2. А Унафэр гъэзэщIэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органу хэхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхуэхэр лэжьыгъэкIэ кьыззрагъэпэщыныкIэ и къэрал комитетыр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм (Бышэн А.А.) хуэгъэувын Лэжьапlэхэр зэрызэпэубыдар къэгъэтIэсхъэным хуэунэтIауэ аргуэру зэфIагъэкIынухэм я программэм хиубыдэ Iуэхуэхэр гъэзэщIэным 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щытрагъэкIуэдну ахъшэр а мурадхэм папщIэ федералыгъэ бюджетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетымрэ щыхуахьыну ахъшуитIыпщыну.

4. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлыплIыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и кьуэдзэ ДыщэкI М.Р.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ЯРИН Андрей

«Олимп зэхьэзэхуэхэм захуэгъэхьэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» къэрал Iуэхущ1апIэр кьызэгъэпэщыным и Iуэхуэкl э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м *№80-IIII*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм нэхъ зэфIэкIышхэу зиIэ и спортсмен щIалэхэм спортым и олимп лIэужьыгъуэхэмкIэ дунейпсо, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм зэблэу кьыхэмыкIыу ильэс щыкIуэм зыхуагъэхьэзырынымкIэ зыхуэй Iэмалхэр кьаухъэгъэпэщын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ецIы:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм и ведомствэ уафэм щIэту кьызэгъэпэщын «Олимп зэхьэзэхуэхэм захуэгъэхьэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» къэрал Iуэхущ1апIэр.

2. «Олимп зэхьэзэхуэхэм захуэгъэхьэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» къэрал Iуэхущ1апIэм нэхьыбэ дыдэу щыIалажьэ щIыху 57-рэ, абыхэм я мазэ лжьапIэ фондыр сом мин 326,2-рэ хьууэ гъэувын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм (Бышэн А. А.) хуэгъэувын:

«Олимп зэхьэзэхуэхэм захуэгъэхьэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» къэрал Iуэхущ1апIэр гъэлэжьэным текIуэдну ахъшэр а мурадым папщIэ 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и апparатым ихъыбэ щыIалажьэр щIыху 64-рэ, абыхэм я кьулыкъуэм хуэзэ мазэ лжьапIэ фондыр сом мин 316,13-рэ хьууэ, ащхуэдизу абыхэм ящыщу щIыхуи 8-м щIэуэ къратыжа пщэрылъхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ федералыгъэ бюджетым кьнуТIыпщ субвенцIэхэм я хьэкъкIэ я мазэ лжьапIэ фондыр сом мин 36,66-рэ хьууэ гъэувын».

2. Мы унафэм кьару егьуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ икIи абы и кьарур яхуэгъэзащI 2009 гъэм щIыщIым и 1-м щыщIэдзауэ зэтеуба хабзэ зэхущытыкIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ЯРИН Андрей

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школ» къэрал Iуэхущ1апIэр кьызэгъэпэщыным теухауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м *№81-IIII*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкIэ и къэрал Iуэхущ1апIэхэм я зэхэлъыкIэр гъэтэмэным икIи абыхэм я мылькур зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ецIы:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал Iуэхущ1апIэу мы унафэм и гуэдзэм къыщыдгъэлъэгъахэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм и ведомствэ унафэм щIэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школ» къэрал Iуэхущ1апIэр кьызэгъэпэщыныр и лъабжьэу зэхэгъэхьажауэ, я зэхэлъыкIэр зэхьэжьын.

2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школ» къэрал Iуэхущ1апIэм ихъыбэ дыдэу щылажьэр щIыху 678-рэ, абыхэм я мазэ лжьапIэ фондыр сом мелуани 4 мин 949,39-рэ хьууэ гъэувын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм (АфIэунэ А. М.) хуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылькур зехьэныкъэ щIы Iуэхуэхмкlэ и министерствэм щIыгъуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школ» къэрал Iуэхущ1апIэм и уставыр щIэту хабзэхэм тегъэ кьищтэну;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школ» къэрал Iуэхущ1апIэм и уставыр щIэту Iэ хабзэхэм тегъэ кьищтэну;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школ» къэрал Iуэхущ1апIэм и уставыр щIэту Iэ хабзэхэм тегъэ кьищтэну;

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылькур зехьэныкъэ щIы Iуэхуэхмкlэ и министерствэм (Сэхъу М. И.) хуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и министерствэм и «Сабийхэм я узынщагъэр щагъэфIакIуэ «Коммунальник» лагерь» къэрал Iуэхущ1апIэм егъэбыдыIауэ щыта икIи иджы къамыгъэсэбэпыж мылькум щыщу кьыIахьыжэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымкlэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм зэрагурыIуэм тету игъэбелджылыну;

унафэм ми и Iыхьэм и егIуанэ абзацым кьыщыгъэлъэгъуа мылькур «Олимп зэхьэзэхуэхэм захуэгъэхьэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» къэрал Iуэхущ1апIэм и оперативнэ унафэм щIэту кьиргъэсэбэпын папщIэ щыIэ хабзэм тету иритыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэнкIэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм (ЩхьэгъэпсО С. Хь.) хуэгъэувын «Олимп зэхьэзэхуэхэм захуэгъэхьэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» къэрал Iуэхущ1апIэм и спортсменхэм яцыщ щолкаIуэхэр хэхауэ зэрырагъаджэ щыкIэр Налшык къалэм егъэджэныгъэмкIэ и муниципальнэ Iуэхущ1апIэхэм щыззтегъэувэныр кьызэригъэпэщыну.

7. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлыплIыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и кьуэдзэ ДыщэкI М.Р.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ЯРИН Андрей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм щIышылъэм и 25-м кьыдигъэкIа Унафэ №17-IIII-м зэхьэжьыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхуэкl э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м *№82-IIII*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ецIы:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм и Iуэхуэкl э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм щIышылъэм и 25-м кьыдигъэкIа Унафэ №17-IIII-м зэхьэжьыныгъэ хэлъхьэн икIи абы и пункт 2-р мы кьыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм и аппаратым ихъыбэ дыдэу щыIалажьэр щIыху 64-рэ, абыхэм я кьулыкъуэм хуэзэ мазэ лжьапIэ фондыр сом мин 316,13-рэ хьууэ, ащхуэдизу абыхэм ящыщу щIыхуи 8-м щIэуэ къратыжа пщэрылъхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ федералыгъэ бюджетым кьнуТIыпщ субвенцIэхэм я хьэкъкIэ я мазэ лжьапIэ фондыр сом мин 36,66-рэ хьууэ гъэувын».

2. Мы унафэм кьару егьуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ икIи абы и кьарур яхуэгъэзащI 2009 гъэм щIышылъэм и 1-м щыщIэдзауэ зэтеуба хабзэ зэхущытыкIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ЯРИН Андрей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал предприятэхэр кьызэгъэпэщыным и Iуэхуэкl э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м *№84-IIII*

�Iэнатlэхэр зэрызэрахьэр гъэтэмэным, ялэжьа Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр зэратыр егъэфIакIуэн, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыхуэм хуащI э коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр кьэIэтыным мурадкIэ икIи «Къэрал, муниципальнэ предприятэ зэгуэтхэм я Iуэхуэкl э» 2002 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м кьащта Федеральнэ закон №161-ФЗ-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ецIы:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымкlэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и ведомствэ унафэм щIэту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Май унафэщI компание», «Тэрч унафэщI компание», «Щэрэдж унафэщI компание», «Аруан унафэщI компание», «Дзэлыкъуэ унафэщI компание» къэрал предприятэхэр кьызэрагъэзащIэм и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Промышленностымкlэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм кьыхилъхьар кьэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылькур зехьэныкъэ щIы Iуэхуэхмкlэ и министерствэм (Сэхъу М. И.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымкlэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм щIыгъуэ:

ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа предприятэхэм я устав фондым хагъэхьэ мылькур игъэбелджылыну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Май унафэщI компание», «Тэрч унафэщI компание», «Щэрэдж унафэщI компание», «Аруан унафэщI компание», «Дзэлыкъуэ унафэщI компание» къэрал предприятэхэр кьызэрагъэзащIэм и пщэ документ эр зэхилъхьэну икIи ахэр къэралым егъэтхьныжкIэ зыхуэфащэ Iуэхуэхэр зэфIигъэкIыну.

3. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлыплIыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ кьуэдзэ ТхъэзэплIыкъ М. ТI.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ЯРИН Андрей

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытым хиубыдэу егъэджакIуэ нэхъыфIхэм 2009 гъэм ахъшэ тыгъэхэр яхуэщIыным и Iуэхуэкl э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м *№86-IIII*

«ЕгъэджакIуэ нэхъыфIхэм 2008-2009 гъэхэм ахъшэ тыгъэхэр яхуэхъэным и Iуэхуэкl э» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2008 гъэм гъатхэпIэм и 17-м кьыдигъэкIа Унафэ №174-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ецIы:**

1. Гъэувын 2009 гъэм:

федералыгъэ бюджетыр зэрытрагъашэ тхыгъэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхуахъуIыпщ субсидиехэм кьыхэкIыну, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэрыкъуекIуэ зэпкърыхауэ къэгъэкIуэ 83-м дэтхэнэми хуэзэу къэрал дэIэпыкIуныгъэу сом мини 100 иратыну;

мы Iуэхум трагъэкIуэдзи папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкI ахъшэм и хьэкIэ федералыгъэ бюджетым щыщ ахъшэ зыхуахъ егъэджакIуэхэм рейтингкIэ якIэлыкIуэ егъэджакIуэу 10-м къэрал дэIэпыкIуныгъэу дэтхэнэми хуэзэу сом мини 100 иратыну.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр хэхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджакIуэ нэхъыфIхэм иратын папщIэ федералыгъэ бюджетым кьыхэкIыну ахъшэр кьыIихьыну.

3. Федералыгъэ бюджетым кьыхэкI субсидиехэр ахъшэ зэрызэрагъакIуэ хабзэм тету хальхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и мыльку зыIэрыхьэ Iуэхущ1апIэм Федерацэм и казначействэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ кьыщыдэIуиха лицевой счетхэм.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм (Бышэн А.А.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мылькур зехьэныкъэ щIы Iуэхуэхмкlэ и министерствэм (Сэхъу М. И.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымкlэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм щыгъуэ:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школ» къэрал Iуэхущ1апIэм ихъыбэ щыIалажьэр щIыху 678-рэ, абыхэм я мазэ лжьапIэ фондыр сом мелуани 4 мин 949,39-рэ хьууэ гъэувын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм (АфIэунэ А. М.) хуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылькур зехьэныкъэ щIы Iуэхуэхмкlэ и министерствэм щIыгъуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школ» къэрал Iуэхущ1апIэм и уставыр щIэту Iэ хабзэхэм тегъэ кьищтэну;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школ» къэрал Iуэхущ1апIэм и уставыр щIэту Iэ хабзэхэм тегъэ кьищтэну;

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылькур зехьэныкъэ щIы Iуэхуэхмкlэ и министерствэм (Сэхъу М. И.) хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымкlэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм щIыгъуэ:

ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа предприятэхэм я устав фондым хагъэхьэ мылькур игъэбелджылыну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Май унафэщI компание», «Тэрч унафэщI компание», «Щэрэдж унафэщI компание», «Аруан унафэщI компание», «Дзэлыкъуэ унафэщI компание» къэрал предприятэхэр кьызэрагъэзащIэм и пщэ документ эр зэхилъхьэну икIи ахэр къэралым егъэтхьныжкIэ зыхуэфащэ Iуэхуэхэр зэфIигъэкIыну.

3. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлыплIыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ кьуэдзэ ТхъэзэплIыкъ М. ТI.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ЯРИН Андрей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м кьыдигъэкIа Унафэ №345-IIII-мкIэ кьищтам зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы и пункт 4-р мы кьыкIэлыкIуэм хуэдэу кьэхьын:

«4. Комиссэм хохьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Дыкъэзыухъурей дунейр хъумэнымрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ и министерствэм, Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым, Ветеринарие, фитосанитар кIэлъыплIыныгъэмкIэ федералыгъэ кьулыкъуэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и адрей гъэзэщIакIуэ органхэм я лIыкIуэхэр.».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ЯРИН Андрей

• Дыгъуасэ

Арэзы тохъуэ

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ КъБР-м щыIэ министерствэм и центральнэ аппаратым, Налшык къалэм и УВД-м, ОМОН-м, ОМСН-м, ППСМ-м, нэгъуэщI Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэр гъатхэ гъэмахуэ кьалэнхэм зэрыхуэхъэзырыр дыгъуасэ кьыщапщыташ Абхъашэм и утым.

Министрыр офицерхэм йопсалъэ.



Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министр генерал-майор Томчак Юрий къыщыщташ хабзэхъумэхэм я тхыльхэр, я фащэр, я Iэщэр.

Ныкъуасаныгъэ гуэрхэр зэрыщыIэм гу лъаригъэтэжами, республикэ милицэм и унафэщIыр ильэгъуам арэзы техьауш. Утым щыIэхуэса хабзэхъумэхэм иджыри зэ ягу кьигъэкIыжащ я кьалэнхэр хьэлэлу, жэуаплныгъэр зыхащIэу ирахьэкIын зэрыхуейр, жылагъуэ шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныр япэ игъэщIапхъэ пщэрылъхэм зэращIыщ.

УЭДОКIУЭ Женя, *«Адыгэ псалъэ» газетым и юрреспондент.*

Сурэтхэр ЕлЬКЪЭН Артур *трихащ.*

ХЬЭХ Сэфарбий

КЪЕЖАЛІЭ

«Дуней гъащІэ» тхыгъэм щыщ

(КІэлыкІуэр. ПэщІэдзэр № 69 итщ).

Къамбот зегъэхъэзырри, зегъэжьэзыр. Кіыхьу, зиплъэфыхьу егъгъэжьэжі хъунэу Іэхъукыем мы зи ужь итыр, зэшІэзэпІэу кьэхъунэ хъейт, зы напІэ дэхьеигъуэ закъуэм. Армыхъумэ, хьыдан бгъэхъэзырам мафІэ щэфІзэу, зы мащІэкІэ нэхъ мыхьумэ, зыпшІэ Іэж нэужь, мыр сыту пІэрэ зищысыр, жиІэу езыр кьыззэплъэкІынкІэ хъунущ, мэкъум щІэмынэхъэ щыІкІэ. БлэкІ-кьыблэкІыж гуэр абдеж кьрихьэлІэми - аращ, Быркъсырыкъ жиІэу ІуэдрэкьехащІ щыдыгур гъуэгушхуэм кьытекІыу уэрамдыхьэмкІэ кьиунэтІыжа нэужьи, хуэмыхыжьу кьыпэплъэу хадэм кьисыр зэгуфІэгъу. Сыгми, зэ кьос. Сыт и лъэныкъуэкІи зыхъуирыхьэзырауэ мо щысыр, гур щылбэкІыем кьыщылъэтри, зыуэ щэрыуэу иутІыпщат и хьэрэкІытІэри, уафэр кьэхъуэпскІауэ фІэкІа эзрыпщІэм щыІэтэкъым. Езы Къамбот мыхьэзэплъэкІыхьажьым - хэтэкъым зэхигъэкІыну: сыт ищІар а идзам? Ауэ икІэщыпІэкІэ кьыльэщІыхьащ уэрам зэв щыІкІэм дэмыхуэ жьыхуаІэм хуэдэу зыкъьэзыІэта мафІэбзийм и нэхур. Щыгъуэу заращ хуэдизу зэпэщІыкІэ. Бжьахьым кьоЛэ, уэрам кьыдэкІуеІэм кьытохьэри, зыми зыри химыщыкІыхьхэ нэхьеі, кьахохьэ и мафІэсым кьыІэщІиІэта кьомым. ПІьалкІуэдзІуакІуэ кьахьыкъэжа Къамбот ельагъу мэкъуэ и зэхъуэдитІым фІэкІа имысу зэрагъэнуикІыфІжар. Сытуи псынщІэт! Щыхухэм иджыри пэгункІэ псы кьахьуэрэ, тракІэрт Мыкъ щытт и фэр пІыпагъэуами тхыдэ хьарзынэтэт, щыкІуэ зэм и ужь кьощежьауэ. Мыпхуэдэут кьыззэжвари...

* * *

КъУАЖЭ псом зы псы щхьэр фІэкІа щыдзмытІэ, хьэжьын хуейр щыІэтримыхьэу кьанэртэхьым. Абы и щІыужкІэ, щІымахуэ псом Іущтхьэрти, лажьэртэжьем. Гъатхэр фІыуэ хэкІуэтауэт кьыщыІыуыкІыжьыр. Зэтрикьаиэ, щІыкуэр бзаньхь зхуэрт, кьалысыртэжьым хьэжэну. Апхуэдэжьем дежь щхьэлтетым елъэІуэт. ЛъэІу зкуи, мы Хьэсым, и ІэшхуитІымкІэ и куафитІым еуэжку кьэтэырт: «Еуей, мыгъуэ, сыт мыгъуэ кІуэжу дэст махуэ кьэс. Апхуэдизрэ щыдэскІэ, апхуэдизу щыкІуи щыІэзэрІгъэхьуКІэ, зыгуэрКІи зэранын жьыхуэпІэм зыри хэлъкьым. Іэмал иІэтэхьым щхьэлым зэран хуэмыхьуникІэ - бдзэжьей фІэкІэщІыпІ, щхьэмыгъуэр фІэкІэщІыпІ! Еууей, мыгъуэ, сыт мыгъуэр фхуэсщІэну -тІэ!..» Узижьгъэным и махуэт гъэр хьуамэ, щхьэлым «еууейр» «мыгъуэу» кьыщІэІукІ жьыхуэпІэр. Ауэ, сыт хуэдизрэ кьахэмыгъамэ, балигъэхэм я щхьэ хуэмы-кІуэнкІэ хьунут Хьэсым гъуэгі фащыну, щыкІуэр мыхьуамэ. Щыкіуэхэм я дежщ ар кьыщежьар. Гъэмахуэр хьуамэ, ахэр псым дэкІыртІ, кьаджэкІэ, зейхэм яхуэмыкІуэжу дэст махуэ кьэс. Апхуэдизрэ щыдэскІэ, апхуэдизу щыкІуи щызэрыгъэхьуКІэ, зыгуэрКІи зэранын жьыхуэпІэм зыри хэлъкьым. Іэмал иІэтэхьым щхьэлым зэран хуэмыхьуникІэ - бдзэжьей фІэкІэщІыпІ, щхьэмыгъуэр фІэкІэщІыпІ! Еууей, мыгъуэ, сыт мыгъуэр фхуэсщІэну -тІэ!. Уэужьгъэным и махуэт гъэр хьуамэ, щхьэлым «еууейр» «мыгъуэу» кьыщІэІукІ жьыхуэпІэр. Ауэ, сыт хуэдизрэ кьахэмыгъамэ, балигъэхэм я щхьэ хуэмыкІуэнкІэ хьунут Хьэсым гъуэгі фащыну, щыкІуэр мыхьуамэ. Щыкіуэхэм я дежщ ар кьыщежьар. Гъэмахуэр хьуамэ, ахэр псым дэкІыртІ, кьаджэкІэ, зейхэм яхуэмыкІуэжу дэст махуэ кьэс. Апхуэдизрэ щыдэскІэ, апхуэдизу щыкІуи щызэрыгъэхьуКІэ, зыгуэрКІи зэранын жьыхуэпІэм зыри хэлъкьым. Іэмал иІэтэхьым щхьэлым зэран хуэмыхьуникІэ - бдзэжьей фІэкІэщІыпІ, щхьэмыгъуэр фІэкІэщІыпІ! Еууей, мыгъуэ, сыт мыгъуэр фхуэсщІэну -тІэ!..» Узиж

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Сатурн» (Мэзкуу область) - 1:1 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 12-м. Щыу 10300-рэ еплъащ.

Судьяхэр: КАРАСЕВ (Мэзкуу), Булыгин (Волгоград), Лагун (Санкт-Петербург).

«Спартак-Налшык»: Хомич, Ятченкэ, Джудович, Амисулашвили, Филатов, Леандрэ, Мэшыкъуэ, Джатэрывэ, Конделадов (Фелипе, 55), Гогэ (Бикмаев, 73), Концевой.

«Сатурн»: Кински,Ангбвэ (Еременкэ, 84), Игонин, Зелау, Нэхуц, Кузьмичев (Воробьев, 68), Немов, Евсеев, Карякэ, Топич, Кириченкэ (Ковель, 68).

Топхэр дагъэкIащ: Амисулашвили, 81 (1:0). Топич, 84 (1:1).

*Дагъуэ хуащIащ*Концевой, Джатэрывэм, Мэшыкъуэм, Нэхуцым, Евсеевым.

МЭЛЫЖЬЫХЫМ и 12-м «Спартак-Налшыкым» къригъэблэгъащ Мэзкуу областым и «Сатурныр». ЗэIущIэм командэхэм хуэму къыщIадзащ. Ауэ ахъщIэхэм я бгъэрыкIуэныгъэр псынщIэ дыдэу ямыгъэкъуахащ икIи 11-нэ дакъикъым Кузьмичев ди гъуащхьэхъуэмэхэм яIэщIэкIри, гъуэм хуэкIуэу щIидзащ. АрщхьэкIэ Хомич абы къыпежьэри, топыр къищтащ.

КъыкIэлыкIуэебгъэрыкIуэныгъэр ди щIалэхэращ къыззэыгъэпэщащ. Жьажьу къыщата топыр Леандрэ кьыIэрыхьащ икIи ар лъэщу гъуэм еуащ, ауэ гъуащхьэтетым ар гугъу емыхьу кьищтащ.

ЗэIущIэм и япэ IыхьэмкIи ныкъуэр апхуэдэу, зззэмызззхэхэ командэхэм жьджэрагъ мащIэ кьагъэлъагъуэу екIуэкIащ. Псори зэгъуэсу кьапщтэмэ, а маХуэм футболистхэм джэгукIэ дахэ кьагъэльэгъуэуащ жьпIэ хъунукъым: щIэхщIэхыурэ топыр яIэщIэкIырт, зэкIэлъхьэужьу щэплIэ нэхъыбэрэ щыуагъэнщэу топыр яхуэзэIепыхьыртэкъым.

«Спартак-Налшыкым» щыщу нэхъ жьыджэру зэIущIэм хэтахэм ящыщ зыщI Гогэ (Гогуэ и унэцIэр иджы апхуэдэу ихьуэжащ). Абы и закъуэ зыбжанэрэ гъуэмебгъэрыкIуащ. ХьэщIэхэр гупышхуэу, ипэкIэ кIуатэрт, нэхъыбэрэ топыр кьрахьэкIырт, арщхьэкIэ гъуэм зэрыхуэхъуу я хьуэпсапIэхэр кьыззгъещащэрт.


● Футбол

Джэгугъуиплым - зы топ

ЗэIущIэм и етIуанэ Іыхьэм налшыкдэсхэм я джэгукIэм мащIэу хагъэхъуа мыхьумэ, япэм кьыззрыщхьэщкIи ещащ. Хьэгрэпрыхь щIагъуэ щыIэкым. Гъуэм гъунэгъуу уекIуэлэфыну Iэмал зэрыщымыIэр кьызыгурыIуа командитIми, абы жьжьу еуэр щIадзащ. АбыкIэ кьыхэжаныкIахэщ Карякэ, Гогэ, Мэшыкъуэр, Нэхуцыр. Ауэ сыт хуэдизу лъэщу ахэр гъуэм еуами, топыр гъуэм хуагъазэртэкъым. Апхуэдэу топыр кьызыIэрыхьа Мэшыкъуэр гъуащхьэхъуэмэхэм яIэщIэкIри, еуащ, арщхьэкIэ Кински абы пэлъэщащ.

Командэхэр нэхъ жьджэр кьыщыхъуар зэIущIэм и иужьырей дакъикъэхэращ. Топыр кьызыIэрыхьауэ хьэщIэхэм я гъуэм хуэкIуэ Фелипе хабзэм кьемызэгъыу ираудащ. Метр 20-м нэблагъэнкIэ гъуэм пэжьжьэу штрафнойм лъэщу еуащ Бикмаевым, арщхьэкIэ Кински абы къригъэзэащ. Гъуащхьэтетым кьигъэльеича топым япэу нэсар. Амисулашвилищ - 1:0. 2009 гъэ джэгугъуэм «Спартак-Налшыкым» и япэ топыр гъуащхьэхъуэмэм дигъэкIащ.

Хэгъэрейхэм кьыхуагъэзэкIа топым «Сатурным» и лъэр щIидакъым икIи псынщIэ дыдэу зыкьащIжащ. Апхуэдэу а махуэм жьыджэру зыкьззыгъэльэгъуа Немовым топыр кьыIэрыхьауэ гъуэм щыхуэкIуэм, ди гъуащхьэхъуэмэхэм ираудащ - штрафной. «Сатурным» и футболист нэхъыбIхэм ящыщ, ди лъэпкъэгъу Нэхуц Руслан кьита топыр Топич Іэ ззэу гъуэм игъакIуэри, бжьгъэр 1:1 ищIащ.

ЗэIущIэм и нужьрей дакъикъэхэм «Спартак-Налшыкым» текIуэныгъэ кьыхуэзыхьыну топыр дигъэкIыну Iэмал хъарзынэ иIащ Кончевойм. АрщхьэкIэ Леандрэ кьрита топым ар тэмэму еуэфакъым.

Апхуэдэу, зэрыгемыгъэкIуауэ, дэтхэнэми очко зырыз кьалэжьыр командхэр зэбгрыкIыжащ.

Адрей командэхэм я зэIущIэхэм кьрикIуар: **«Крылья Советов»** (Самарэ) - **«Химки»** (Химки) - **3:0**, ЦСКА (Мэзкуу) - **«Локомотив»** (Мэзкуу) - **4:1**, **«Москва»** (Мэзкуу) - **«Спартак»** (Мэзкуу) - **3:1**, **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **«Амкар»** (Пермь) - **0:0**, **«Терч»** (Грозный) - **«Рубин»** (Къазан) - **1:2**, **«Динамо»** (Мэзкуу) - **«Ростов** (Дон Іус Ростов) - **1:0**, **«Кубань»** (Краснодар) - **«Томь»** (Томск) - **0:0**.

КьыкъыкIуэ зэIущIэр ди щIалэхэм Томск щрагъэкIуэкIынущ. Мэлыжьыхьым и 18-м ахэр «Том»-м Іущэнущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуар

Командхэр	Дж.	Кь.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Крылья Советов»	**4**	**3**	**0**	**1**	**6-2**	**9**
2. «Динамо»	**4**	**3**	**0**	**1**	**5-3**	**9**
3. «Зенит»	**4**	**2**	**2**	**0**	**6-2**	**8**
4. «Рубин»	4	2	2	0	5-1	8
5. ЦСКА	4	2	1	1	7-2	7
6. «Терч»	4	2	1	1	3-2	7
7. «Москва»	4	1	2	1	3-2	5
8. «Ростов»	4	1	2	1	2-2	5
9. «Локомотив»	4	1	2	1	5-7	5
10. «Спартак»	4	1	1	2	4-5	4
11. «Сатурн»	4	1	1	2	4-7	4
12. «Кубань»	4	1	1	2	2-5	4
13. «Томь»	4	1	1	2	1-4	4
14. «Амкар»	4	0	3	1	0-1	3
15. «Спартак-Налшык»	**4**	**0**	**2**	**2**	**1-4**	**2**
16. «Химки»	**4**	**0**	**1**	**3**	**3-8**	**1**

ЗэIущIэ нэхъыбым

РЕБЕР Юрий, *«Сатурн»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

КIэдж бжыгъэмкIэ сыарэзыщ

- Дэ фIы дыдэу дыщыгъуаэзт Налшык ущыджэгуну зэрымыгъэшыну. А командэр и унэм фIыуэ щоджэгу, кьищынэмыщIауэ, футболепIъхэм нэхъри трагъэгушхуэ. ЗэIущIэм и япэ Іыхьэм ди щIалэхэр нэхъыфIу джэгуауэ кьыщоIуэ, уеблэмэ топ дэдгъэкIыну Iэмал диIащ, ауэ ар кьыдэхъуIакъым. ЕтIуанэ Іыхьэм «Спартак-Налшыкым» нэхъ щыкIыззкъуихащ. Хэгъэрейхэм я япэрей зэIущIэхэм дыщрипIъэжьм, дэ гу лыяттащ абыхэм штрафной-хэр фIыуэ зэрагъэзащIэм, арщхьэкIэ, кьытхуэгъэувыIакъым - топ кьытхудагъэкIащ. Ауэ дэри псынщIэ дыдэу зыкьэтщIэжри, щытыкIэр и пIэм идгъуэжащ. Псори зэгъуэгу кьапщтэмэ, зэIущIэм кьрикIуа бжыгъэмкIэ сыарэзыщ.

- Ди лъэпкъэгъу Нэхуц Руслан и джэгукIэм дауэ уепльрэ?

- Руслан нобэ ди командэм щыпэхъыфIахэм ящыщ зыщ. Дэтхэнэ зы щыхум и дежкIи жэуаплныгъэшхуэ зыпылъщ и лъэпкыр кьыкIэлыпылъу джэгуныр. Леандрэ упэщIэтыныр гугъущ, ауэ Нэхуцым и лжьыгъэр фIы дыдэу игъэззащIауэ кьысщохьу.

КРАСНОЖАН Юрэ, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Жэуапльапъэр инт

- Гъуащхьауэхэм теухуауэ гукъеуэхэр диIащ: Калимулиндр Народирэ фэбжь ягъуэтащ. Абы кьыхэжаныкIэ гъуащхьауэхэм я кьалэнхэр дэ яхуэдгъэващ Гогэрэ Леандрэрэ. ЗэIущIэм и япэ Іыхьэр командэм хьэпъу иригъэкIуэкIащ. ЕтIуанэ Іыхьэм нэхъ жьдэжращ.

- Топ дэвгъэкIа нэужь, наблюгъэгъдзапльэу фIыцIыкIыгъжьфагу ара?

- Хьуэ. Топ кьытхудамыгъэкIыжынымкIэ жэуаплныгъэр зэрыннир футболистхэм зыхащIауэ ящ.

- Леандрэ и джэгукIэр дауэ кьыщыхьуэ?

- ЗэкIэ а щIалэм ди джэгукIэр кьытохьэлъэ. Абы кьыпэщIэта Нэхущым и Іэзагъэр хэплъхьэжмэ, япэрей зэIущIэхэм нэхъри нэхъыбIэу зыкьыпэльэгъащ.

МЭЗКУУ Кьащюбий.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

Я унэ нэхъыфIу щоджэгу

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Сатурн» (Мэзкуу область) – 1:0 (0:0). Мэлыжьыхьым и 11-м. Прохладнэ. «Центральнэ» стадион. Щыу 2800-рэ еплъащ.

Судьяр Иванов (Дон Іус Ростов).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн Аз., Феррейрэ, Шэрий, Шумейкэ, Соблир, Захарэ (Михеев, 72), Кьуэныхь, Бырхьэн (Эрум, 46), Бикмаев (Михайлов, 46), Гъуэщокъуэ (Хьубий, 87), Гъубж (Къумыкъу Ал.).

«Сатурн»: Ребров, Васиев, Молодцов, Проньков, Мальков (Курасов, 46), Темников (Соболев, 75), Сапетэ, Спирин (Моц, 69), Грищенкэ, Белоусов (Махмудов, 70), Шевляков (Юрченкэ, 60).

Топыр дигъэкIащ Захаровым, 47 (1:0) – пенальтикIэ.

Дагъуэ хуащIащ Грищенкэ, Михайловым, Хьубийм.

НЭХЪАПЭМ «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ командэм зэIущIиц иригъэкIуэкIати, и унэм текIуэныгъэ кьыщихьащ, нэгъуэщI кьызыгъэкIэм кьыщыхагъэщIащ. Апхуэдэмэ, мы махуэми абы-рейхэм текIуэныгъэр кьахьэуейт. Мэлыжьыхьым и 11-м ахэр зыIуIа «Сатурн»-ри очкоих иIэу турнир таблицэм хэтщ.

ЗэIущIэр командитIми джэгуакIэ хэкIуэ дыдэкIэ кьыщIадзащ. Я гъэрэ кьыхуагъэкIнэу икIи зэребгъэрыкIуэным и хэкIыпIэ абыхэм кьалыхъуэрт. Абы кьыхэкIкIэ джэгур нэхъыбэу щекIуэкIыр губгъуэм и курт. Зззэмызззкхэ жьжьэу щыту гъуэм емыуэмэ, гъунэгъуу абы бгъэдыхьэ футболистхэр тегушхуэртэкъым.

ЕтIуанэ Іыхьэр Гъубж Вячеслав и гъэсэнхэм нэхъ жьыджэру кьыщIадзащ. Налшыкдэсхэм я ебгъэрыкIуэ псынщIэхэм зхуэмыхьэзыра хьэщIэхэр Іэнкун къэхъуащ икIи хабзэр кьыщIэпауд ящ.

Апхуэдэу абыхэм яIэщIэкIа щыуагъэм зэIущIэм щыдагъэкIа топ закъуэри кьытхуихащ. Гъуащхьэхъумэхэм яIэщIэкIауэ гъуэм хуэкIуэ ди щIалэр абыхэм хабзэм къемызэгъыу ираудащ икIи судьям метр 11-мкIэ игъэпIэгъуащ. Пенальтир Іэзэу игъэззащIащ «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэныкъуэ Захаров Вадим - 1:0. Джэгум и зэхэлъыкIэм теухуауэ абыкIэ арэзы хэгъэгушхуэ текIуэныгъэр кьахуэзыхьэ бжьыгъэр зэIущIэм хуахаха зэманыр иухыну яхъумащ.

Щыгъуаз фыхудощI адрей командхэр зэрыззэдджэгуам кьрикIуахэм: **«Крылья Советов»** (Самарэ) - **«Химки»** (Химки) - **1:0**, **«Динамо»** (Мэзкуу) - **«Ростов»** (Дон Іус Ростов) - **2:0**, **«Терч»** (Грозный) - **«Рубин»** (Къазан) - **0:0**, **«Кубань»** (Краснодар) - **«Томь»** (Томск) - **2:1**, **«Москва»** (Мэзкуу) -**«Спартак»** (Мэзкуу) - **1:2**, **ЦСКА** (Мэзкуу) - **«Локомотив»** (Мэзкуу) - **1:2**, **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **«Амкар»** (Пермь) - **1:2**.

КЪЭХЪУН Бэч.

Зытебгъэгусэ хъунукъым

Нэхущ Руслан, «Сатурн»-м и гъуащхьэхъуэмэ:

«Налшык и командэр си дежкIэ хамэкъым, ауэ сэри си лэжьыгъэр согъэзащIэ. ТопитI зэрыхуэдэмыгъэкIар сигу кьоуэ *(мэдыхьэих)*. ГушыIэр хэмыту, «Спартак-Налшыкым» и дежущджэгуныр сыт щыгъуи гуГъуущ, хьархуэрэгъуэм тегупIэ, ар и гъуэм ириубыдыIэ зэпытщи. Апхуэдэу нобэрей зэIущIэр зэрыщытынур тщIэуэ, абы дыхуэхьэзыру дыкъэкIуащ. «Спартак-Налшыкыр» зэIущIэм хьэщIэхэр лъэщщ. Абы и щыхьэтщ кьытхудагъэкIа топыр. Насып диIэти, Іэмал кьэдгъэзэри, зэIущIэм и бжыгъэр зэхуэдэ тщIыжащ.

Футболеплъэм ягугъагъэщ командэхэм топ кьэд дагъэкIыну, ауэ Іуэхур апхуэдэу кьыщIэкIакъым. Абы и щхьэусыгъуэр тIуми я гъуащхьэхъуэмэхэр хъарзынэу зэрыджэгуарщ. ЗэрыжаIэу, Іэмал зырыз диIати, ар кьэдгъэсэбэнащ. Нобэрей зэIущIэм нэхъыбэ кьыпхухъэжну щытауэ жьпIэнкIэр щыуагъэщ. Бжыгъэми арэзы дыкъыщIащ.

Иджыри зэ кьыхьэзогъэщри, Налшык зыми очко тыншу кьыщыхуэхьынукъым».

Карякэ Андрей, *«Сатурн»-м и гъуащхьэхъуэмэныкъуэ:* ЗэIущIэм и япэ Іыхьэр хъарзынэу едгъэжьащ, уеблэмэ «Спартак-Налшыкыр» и гъуэм едгуIат, ауэ Іуэхум зыри кьэкIакъым. ИужькIэ налшыкдэсхэм зыкъащIэжри, дыкъыхагъэзыхьащ. СызэрепIъымкIэ, нобэрей зэIущIэр зэриухам зытебгъэгусэ хъунукъым.

Чемпионатыр щIагъуащэу едгъэжьа-хьащ, ауэ едгъэкIуэкIа джэгуГъуипIым ЦСКА-мрэ «Зенитымрэ» зэрыхиубыдар кьэпIыгъэмэ, дыкъэнэкIаф Іэщ.

Мэшыкъуэ Дзыхьан, *«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъуэмэныкъуэ:* «ЗэIущIэм и пэм щыщIэдзауэ и кIэм нэсыкъу дэ дыщытепщащ. ХьэщIэхэм бэлыхь гуэр тонджэгу губгъуэм щалэжьауэ кьыхсухэщIэжыкIа лъэщщ. Абы и щыхьэтщ кьытхудагъэкIа топыр. Насып диIэти, Іэмал кьэдгъэзэри, зэIущIэм и бжыгъэр зэхуэдэ тщIыжащ.

Футболеплъэм ягугъагъэщ командэхэм топ кьэд дагъэкIыну, ауэ Іуэхур апхуэдэу кьыщIэкIакъым. Абы и щхьэусыгъуэр тIуми я гъуащхьэхъуэмэхэр хъарзынэу зэрыджэгуарщ. ЗэрыжаIэу, Іэмал зырыз диIати, ар кьэдгъэсэбэнащ. Нобэрей зэIущIэм нэхъыбэ кьыпхухъэжну щытауэ жьпIэнкIэр щыуагъэщ. Бжыгъэми арэзы дыкъыщIащ.

Епсэлъар **ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

Псы щIыIэм фыхуэсакъ

ЦIыхур псым макIуэ зигъэпскIыну, бдзэжьей ещэну, ауэ кьыщIыхьу щыIэщ зэрымыщIэкIэ абы щыхохуэ. Апхуэдэм и деж лей зытехьар дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэщ.

Гъатхэм псыр щIыIэщи, ухыхьэну шынагъуэщ. Абы хэхуа цIыхур псынщIэу щIыIэм еубыд, и лъыр йох, и гум и кьеуэкIэр кIащхьэ мэхъу, кьыщIувыIи кьохьу.

Псым и хубагъэр градус 24-м нэсмэ, сыхьэти 7-9 - кIэ хуэтыфынущ, ауэ абы и щIыIагъэр градуси 2 хъумэ, дакъикъи 3-8 нэхъыбэ пхуэшэчынукъым.

ЗэрымыщIэкIэ псы щIыIэм фыкьыщыхуэмэ, зэрыхъукIэ нэхъ псынщIэу псы Іуфэм фызэрыпсэным яужь фит. Зыщцвмыгъэгъупщэ, дакъикъэ 20-30 хуэдэкIэ псы щIыIэм уэхэта нэужь, Іэпкъльэпкъым хуабагъэ псори зэрыфIэкIуэдыр.

Псы Іуфэм е фызэрынэсу зызэрыгъэхуэбэным яужь фихьэ: фыдэльей-фыкъельых, мафIэ фщIы.

ЩIыIэм иубыдам зэуэ зэрыдэIэпыкъу щыкIэр. ИкIэщIыпIэкIэ цIыхур псы щIыIэм кьыхэхьыр икIи и щыгъын псыфыр гъущэкIэ зэрегъэхъуэкIын, и щхьэм хуабэ фIэлъхьэн, зэщIэуфэн, пщтыр гуэр егъэфэн хуейщ. Ваннэм зыщегъэгъэхуэбэну Іэмал щыIэмэ, псыр хуэмурэ градус 40 хуабагъым нэвгъэс. Езы цIыхум и Іэнкъльэпкъым и температурэр градус 34-м нэс дэкIуеи нэужь, псы хуабэр вгъэувыIэ. ЦIыхум и Іэпкъльэпкъым и хуабэри къэбгъэсэбэн хьунущ. Абы щхьэкIэ лей зытехьам зепкъэзылIэу убгъуэрыгъуэлъхьэн хуейуэ аращ.

ЩIыIэм исар егъэлеяуэ кьызэщIэбгъапIэ, и щIыбэр пIуэт хьунукъым.

Урысей МЧС-м и Къэрал управленэу КъБР-м щыIэм «дзыхь зрагъэ и телефоныр» - 39-99-99.

Урысей МЧС-м и Къэрал управленэу КъБР-м щыIэр.

● Гу зылъытапхъэ

Лэскэн ЕтIуанэкIуэжэм щыпсэу Сомгъур Валерэ Хьэжмурид и къуэр къыщIальхъуа махуэщ, ильэс 50 ирокъури дохьуэхьу

● Хьуэхъуэхр

ПшIэ зыхуэтщI Валерэ! Ныбжь дахэм уэзрынэсар нобэ угъэльапIэри, ди гуапэу дыкъохьуэхьу. Уи гур зэIухарэ уи псэр кьабзэу, хьэлэлу дунейм утетщи, абы и сэбэп кьохIыну, уи жьэгур уардэ уиэу, хьэщIэ етIысэхыпIэу, уи щхьэгъуэр кьыпкъуэту, уи быным я ехьулIэныгъэм уригушхуэу, абыхэм къатепщIыкIыжа щIэблэм я насып укIэльыпIпIыну, дэрэжьгъуэр уи куэду уи гъэзугуанэр кIыхь хъ уну Тхьэм жиIэ.

Шакьэ я унагъуэр. Псынабэ къуажэ.

ТхакIуэ, щэнхабзэм и лэжьакIуэ Зэгъэщтокъуэ Людэ сохъужъу!

«Си къуажэмрэ си къуажэгъуэмрэ. Къэсейхьэблэ и цIыху щэджащэхэр» уи тхьIтым седжащ. А лэжьыгъэшхуэм щхьэкIэ фIыщIэ пхуэсщIыну сыхуейт, Людэ. Уи тхьITым щэм и щIагъ хъуну си гуапэщ, насыпыр уи куэду, узынщагъэ быдэ унIэу, уи бынхэм я гуфIэгъуэ пльагъуу упсэну Тхьэм жиIэ!

Апекlуэ лъэпкъыр узыншэну!

АпекIуэхэ лъэпкъыжьщ, лъэпкъыфIщ, лъэкIынныгъэшхуэ зиIа нэхъыжьыфIхэр зыщIыкьащIащ. Абыхэм я жьIэм емыбакъуэу я щIэблэр ягъасэрт, щакIуэ Іэзэ хэт, зыгI и унафэм зэдыщIэт лъэпкъ зэрыбыгът, бзыльхъэм егъэлеяуэ пщIэшхуэ хуащIырт. Сыхуейщ мис апхуэдэ зэхэтыкIэ екIуэ сызыкъэ лъэпкъым иджыри ильэсищ бжыгъэкIэ кьыдекIуэкIыну, щIэблэ узынщэ къащIэхъуэну, я лIыгъэрэ щIыхугъэкIэ я щIэ жьыжьэ Іуну. АпекIуэхэ зэфIэкIыу яIар зыщцымыгъупщэн, ар зымыгъэкIуэдын щIалэгъуалэ лъэпкъым икуэдыну си гуапэщ.

АПЕКIУЭ Іенэ.

«Урыс саугъэт»

«Урыс саугъэт» дунейпсо зэхьэзэхуэм и еплIанэ зэIущIэр екIуэкIащ. Абы нэхьыбэу щыIэхьэпхыр урысыбзэт, сыту жьпIэмэ зэпеуэм хэтар ди къэралыр щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьыхэкIыу зыбгынауэ хамэ къэрал щыпсэу, ауэ я бзэмкIэ гъэ тхакIуэхэм-рэ узакIуэхэмрэщ.

«УРЫС саугъэтыр кьыззэгъэпэща икIи абы и унафэщI Восковская Татьянэ кьыззэрыхигъэщащ. Іуэхур щыIэхьэублэм мурад нэхьыщхьэу зыхуаГъэувыжар ди хэкуэгъуэхэр гъэгушхуэнымрэ щэнхабзэхэр зэгъэнэгъу щынымрэщ. «Урысейр урысыбзэкIэ кьэгъэща литературэм сытым дежи кьыщхьэщыкIынущ. Апхуэдэ гупсысэщ дэ а Іуэпэр зытетщIыхьыр», - жиIащ абы.

«Усыгъэ» Іыхьэм и япэ саугъэтыр (США-м и доллар мини 5 хьур) хуагъэфэщащ усакIуэ Кенжеев Бахыт ЕтIуанэр (доллар мини 2) ираташ ОсетиеИпщэм щыщ, зауэм теухуа рассказхэр зэрыт тхылъ кьыдэзыгъэкIа Тадтаев Тамерлан. Ещанэ ўвыпIэр лъатэсащ (доллар 1500-рэ) Латвием щыщ усакIуэ, зэдзэкIакIуэ Морейко Сергей.

Волоколамск щыпсэу усакIуэ

Ивушкин Александр иджыблагъэ кьыззIуаха «Профессиональнэ тхакIуэм и библиотекэ» (БПП) тхыль гедзапIэм Москва областым щыщу яп дыдэу зи тхылъ кьыщыдэкIар.

УрысейМ и Тхакlуэхэм я союзым и правленэм и зэIущIэм кьыщыщысалъэм, БПП-м и редакторэ нэхъыщхьэ Шашин Валерий жиIащ: «Ди Іуэхущапlэм кьыщыдэкIынур профессиональнэ усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я Іэдакъэщ Іэкlэрщ. Дэ сытым дежи яужь дитынущ художественнэ тхыгъэ нэхьыфIхэр кьыззрыхэтхынум».

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ

Гоголь Николайрэ ...дизайнерхэмрэ

Тхакlуэ щIэрыIу з Гоголь Николай и гуащIэм гупсысэ гъэщIэгъуэным хущIэу урысей дизайнерхэр. Абыхэм кьыззрагъэзэща щыгъын гъэльэгъуэныгъэр. «Къэзакъхэр - кьалэм» зыфIащар, мэлыжьыхьым и 3-м «Урысей модэм и тхьэмаду эм» хэту кьыззIуахащ.

ГОГОЛЬ кьыззралъхурэ илъэс 200 зэрыритыжм ирихьэлIэу кьыззрагъэпэща гъэльэгъуэныгъэм нэхъыбэу кьыззэщIибыдэр Бортко Владимир триха «Тарас Бульба» фильмым хэт астерхэм ящыгъа щыгъынхэрщ.

Евросоюзым зегъэхъэзыр

Ябп Европей литературэ зэхьэзэхуэм хэтынухэр кьыхэхьэх кьэпщытакIуэ гупым къэрал 12-м щылэжьэн щIидзащ. Кьыззэгъэпащ «Европей литературэ саугъэтыр Европейскэ Союзым (ЕС) хэт къэралхэм кьалэныр зыгъэуэнэху я тхакIуэ ныбжьыщIэхэм иратынущ 2009-2011 гъэхэм прагъэкIуэкIыну зэхьэзэхуэхэм япкъ ткIэ».

ИЛЪЭС кьэс зэпеуэм хэтынущ ЕС-м щыщ къэралхэм я лIыкIуэхэр. 2011 гъэм и кIэм ирихьэлIэу саугъэтыр иратынущ «ЕС-м и нубзыкуа щэнхабзэ Іуэхум» хэт къэралэ 34-м я тхакIуэ ныбжьыщIэ зырызым.

2009 гъэм зэпеуэр щаубэнущ кьэ яп къэрал 12-м - Австрием, Хорватием, Франджым, Бенгрием, Ирландием, Италием, Литвам, Норвегием, Польшэм, Португалием, Словакием, Швециемрэ.

Зэхуэдэхьэсар
ИСТЕПАН Залинэщ.

КъБР-м ХьыбарегъащIэ Іэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлIэжьныгъэ щIалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и министерствэр, республикэм и Журналистхэм я союзыр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм я редакцIэхэр «Северный Кавказ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Казиханов Алий Магомед и кIуэм** хуогузаво абы и адэ **Казиханов Магомед Хидирбек и кIуэр** зэрыIам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кIуэдзэ), **ЖъэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кIуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кIуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещIанэ къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кIуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущапlэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмоХэмкIэ - 42-22-88; епъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-22-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапlэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Іуэхугъуэхэм я пжагъымкIэ ахэр зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынри и щIэ дальщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIныгъэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрикъуэкIыр жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №ПА0065-эм щIэтхьагъэщ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Ныбжь Таисэ, корректорхэу Табыш Динарэ** *(1,2-нэ нап.),* **Банэ Фатlимэ** *(3,4-нэ нап.)* **корректорхэм я дэлэныкъуэгъу Иуан Заирэ.** *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ:* **Дол Мариэ, Щомахуэ Марианэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтыщI* **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытредзар сыхьэт 21.30-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №1143